# ku jàppu te rafetal am njàppam daal di ñëw ci àjjuma ji te noppi déglu, dees na ko jéggal li nekk ci diggante bi ak diggante jeneen àjjuma ja, ak ñu dolli ca ñatti fan

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne :Yonnente Yàlla bi - yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «ku jàppu te rafetal am njàppam daal di ñëw ci àjjuma ji te noppi déglu, dees na ko jéggal li nekk ci diggante bi ak diggante jeneen àjjuma ja, ak ñu dolli ca ñatti fan, ku laal xeer yi nag kooku fo na».
[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku jàppu rafetal am njàppam ci matale ponk yi ak def sunna yi ak teggin yi, topp mu dem ca jullig Àjjuma ja daal di noppi te deglu kiy xutba, bàyyi mbóosóor; Yàlla dana ko jéggal bàkkaar yu ndaw yi ci fukki fan yi, tàmbalee ci jullig Àjjuma ji ba ñaareelu Àjjuma ja teg ca ñatti fan; ndaxte fayug lu baax fukk yu mel ni moom la, Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moytandikuloo ñàkk a jublug xol bi ci li ñuy wax ci xutba gi ci ay waare, ak ci fowug cér yi ci di laal xeer yi ak yeneen xeeti fo yi ak yittewoo yi, ak ne ku def loolu def na mbóosóor, te ku Def mbóosóor amul cér ci fayug Àjjuma ju mat.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee